

ROMAN SUNDA

# Rampog Gerot tu Tuikarendong



ENTANG . S



Batjaan nu geus Dewasa.

04356

Rp. 6

# RAMPOG GEROT TI TJIHARENDONG

## Djilid ka 7

Entang S.

*Salam nu manis buah. iyang  
bawia buku inu*

*Handwritten signature*

*Handwritten signature*



Diterbitkeun ku Penerbit : "LAKSANA"  
BANDUNG

1971

Gambar kulit dilukis ku i

— Ahdijat Ma.

Pangaos Rp. 70,-

Surat izin No. Pol. 019-I/ NBT/BIN/71  
KOMDAK VIII Djabar "Langlangbuana"  
telah di periksa dan disetudjui untuk d'edarkan



## BAGIAN KAHIDJI

**D**UA djiwa nu pinuh ku tjinta asmara, pating rarenghap bari pateuteup-teuteup sarta tingkulisik hudang pada' malenerkeun papakeanana nu kararu-  
sut.

Duanana salse bangun nu lalungse, pok Amran mimiti njarita deui kitu oge semu nu ngadegdeg keneh.

„Engkang teh kapaksa bade ngantunkeun tea ka Endah kalihna ibu. Wajahna bae sing ageung manahan, sanes engkang tega namung sakumaha nu parantos disanggemkeun rehna gaduh pasedjaan.”





„Diandung pangestu ku abdi. mudah<sup>2</sup>an engkang ginulur karahajuan, kalajan sing iasa pependak sareng naon<sup>2</sup> anu dimaksud ku engkang, kitu deui nu kasuhun supados engkang enggal mulih deui ka dieul” djawab Tarmidah bari djeung neutaup.

„Hatur nuhun kana pidua ti salira Endah, sawangsulna nu dikantunkeun ku engkang didieu ginulur kawiludjengan, dumugi ka urang pada<sup>2</sup> tiasa pate. pang deui!” djawab Amran bari ngusapan kana buuk Tarmidah kageugeut ka deueuhna teu weleh<sup>2</sup>.

„Dupi ibu parantos diwartosan ku engkang, rehna engkang bade angkat!” tjeuk Tarmidah.

„Parantos langkung tipajun, malih andjeunna oge ngaduakeun pisan ka engkang teh,” tembalna.

„Nuhun upami parantos mah, sumangga atuh sakali deui abdi oge njanggakeun pidua,” Tamidah ngasongan leungeunna, tuluj sasalaman malah semu nu pararageuh naker bari papelong-pelong, atuh paksa Amran ngelemot deui njium kana lambejna djeung pipina nu semu kararentit.

Kakara silih kaleng nepi ka bangbarung, tidinja mah Amran turun ninggalkeun Tarmidah nu pinuh ku katjintaan. Ari pikeun Amran mah sadjeroning leumpang memang tjustjos pikiranana, sabab kati-neung manehna lain Tarmidah bae, nu leuwih tibeula papanggih nja Marwijah di Sewudjadar, pikeun manehna oge timbul bingungna nja kamana kudu djadina.

*Jawan upami or amba keun  
Buku*

## BAGIAN KADUA

**D**JIGA nu kahudang rasa barang nempo tetelar dibeulah kaler. katingal pager djangkungna nu pinuh ku bongborotan Amran ngarandjug hatena ras inget kana dirina didinja manehua nandangan apes.

Rongheap pikirna inget ka Kusminar anu ngage-bruskeunana, rej napsuna estu ngagidir keuheul ka nu yakin ka manehna nipu tea. Boro tadina mah dipake katineung kageugeut, sugan tea mah bakal enjangan mikatjintana, singhoreng saukur pamolah tipu muslihat sangkan manehna kaluar rusiahna.

„Kusminar, andjeun djahat Kusminar, Paingan aja paribasa ujah tara tees kaluhur pasti kahandap.





Bapana djelema djahat, rampog gerot, anakna oge geus teu salah deui.

Tapi awas rek nipu deui ka andjeun, aing hajang njaho dimana apes bapa andjeun?" tjeuk gerentes Amran bari mengkol leumpangna nudju ka lembur Nanggaleng anu geus katempo runggunukna.

Kabeneran harita nji Kusminar keur ngadaweung ngabrangbrang areuj nenget<sup>2</sup> rupa Amran, tjeuk hatena mah ngarasa karunja pedah geus kabojong ku bapana, anu moal henteu bapana teh tangtu ngajakeun tindakan nu sa-wenang<sup>2</sup>, tanwande Amran dipaehan.

Djaba ti kitu lantjeukna ki Djakatarung geus moal henteu bakal ngamukna, nji'ksa Amran anu djeung teu kira<sup>2</sup> rongkahna. Teu njaho<sup>2</sup>un jen lantjeukna teh geus paragat njawana ku tangan Amran.

Teu kanjahoan ku manehna, djol puntjengis Amran ti gigireunana, malah leumpangna keketejapan, nu ngalamun ditoel ti tukang lebah pundukna.

„Aaaaw!" nji Kusminar ngotjeak tina saking ku reuwaseunana, gantjang malik bari molotot neuteup beungeut Amran pedah teu sangka bakal balik deui.

„Hahaha, hahaha ..... katawis nudju ngalamunna teh, nembe ditoel tos ngotjeak!" tjeuk Amran bari njakakak, malah teu ieuh nembongkeun semu<sup>2</sup> nu dendam atawa semu<sup>2</sup> nu ngandung hate goreng.

„Aduh engkang mah ku mani ngareureuwas, atuh da manawi teh sanes engkang anu ka abdi noel teh, boro abdi ngotjeak. Tos lami engkang aja dipengkereun abdi teh!" tjeuk nji kusminar bari neunggeul ka Amran. Hatena aja reuwas aja aneh djeung bogoh.

Rupa<sup>2</sup> pamikir nji Kusminar, boa rek mentog tuluj ambek ka manehna pedah ditipu, boa rek kumaha tea da bongan manehna boga dosa.

„Nembe pisan engkang teh dongkap, kumargi hojong nginum engkang teh, bade waleh bae isin<sup>2</sup> oge njuhunkeun ka Emin !” tjeuk Amran beuki rikip deui bae.

„Hawatos teuing atuh engkang, mangga bade ngaleueut mah di rorompok, da tjai enteh sajogi kaleresan haneut keneh,” tjeuk nji Kusminar bari ngadjak ka imah, ku Amran teu talangke tuluj dituturkeun.

Gek diuk dina korsi, nji Kusminar gantjang ka-dapur njokot tjai. Teu lila geus djol deui nanggeuj baki dieusi sagelas tjiteh haneut.


„Mangga geura ngaleueut !” kituna teh sok di-simpen dina medja, ari manehna indit deui ka dapur.

Kurunjung deui mawa tjau ambon sasikat mani daralu sok diasongkeun ka Amran dina medja.

„Tong repot<sup>2</sup> sareng tediaunana saneskanten Min, sawios da tos tjeKap, malih tos areungap !” tjeuk Amran bari neutaup ka nji Kusminar.

„Parantos teh parantos dimana, geuning nembe mah engkang teh njaurkeun palaj ngaleueut ?” djabab nji Kusminar bari seuri tur dulak delek pika-lutjueun, puguh bae mun teu ras mah Amran kafadji ku nji Kusminar teh, tapi orokaja keur mah geus tjukup boga dua nu arendah, njaeta Marwijah djeung Tarmidah, katurug-turug ras ku kadjahatan bapana, lantjeukna tur manehna oge diperalat ku bapana deuih dititah nipu Amran sangkan asup parangkap.

„Kapan engkang teh di Tjiharendong neda sawa-regna tos teu kawadahan, hojong soteh tjai bae.





Nji Kusminar beuki kageteun, dumeuh Amran ma-  
ke njebutkeun tos neda di Tjiharendong, kapan tje-  
nah manehna teh musuh kabujutan djeung bapana  
sarta djeung Djakatarung.

„Kutan teh parantos tuang di Tjiharendong; naha  
saba didinja teh kang, saderek atanapi sepuh eng-  
kang? Kapan saur engkang mah basa kapungkur di  
dinja teh rampog gerot,” tjeuk nji Kusminar bari  
neuteup, ka Amran.

„Saleresna engkang kabeledjog Min, panjana eng-  
kang, njaeta atuh sesah disanggemkeunana kawan-  
tos heurin ku letah,” tjeuk Amran bari ngahuleng.

„Margi kumaha pangna kasebat heurin ku letah  
teh kang raos teu ngartos abdi mah?” tjeuk nji Kus-  
minar bari tambah heraneun.

„Keresah mindingan rusiah engkang, saupami ku  
engkang ajeuna diwartoskeun ka Mimin?” tjeuk Am-  
ran bari neuteup tur seuri leutik,

Nji Kusminar oge ngadilak sarta gelenju imut  
geus kitu pok njarita mani halimpu.

„Entong disebatkeun abdi upami teu tiasa muni-  
an rusiah piraku abdi kedah ngarusiabkeun salira  
engkang. Mangga we bade ditjarioskeun mah tong  
ngaraoskeun ragu atanapi araringgis.”

„Saleresna mah nu dipilarian ku engkang teh le-  
pat tina taksiran da geuning ari srog pendak teh  
saterasna pantjakaki di guha Tjiharendong; bet sa-  
nes nu sanes sareng bapa Djalumpang kalajan nu  
djenengan Djakatarung teh geuning.

Didjudjut tina pantjakaki, engkang teh perenah paman ka pa Djalumpang teh, margi pun biang ka andjeunna teh perenah rai, tuh da kitu geuning ari nu atah andjang mah sareng saderek teh sok pareumeun obor,

Boh engkang boh bapa Djalumpang teu kiat pada ngaluarkeun tjisotja. Angot bapa mah da panginten rumaos lepat, tos nampiling ka engkang waktos di djalan." tjeuk Amran djiga nu enja, make tjumlahimba sagala njaritana teh,


„Aeh kutan teh. Teu sangka atuh. urang teh pategang sareng saderek," tjeuk nji Kusminar bari ngahuleng tur neutaup ka Amran.

„Naha Mimin njaurkeun kitu?" tanja Amran semu nu ngarasa kageteun pisan.

„Engkang, saleresna abdi teh putra pa Djalumpang ti istrina nu anom. Abdi teh anak rampog gerot kasebatna mah. Emh teu sangka engkang bakal kitu pantjakakina, atuh upami kitu mah abdi ka engkang teh perenah lantjeuk," tjeuk nji Kusminar baritjumlahimba tur neutaup.

„Kutan teh, ja Allah teu sangka atuh engkang teh. Leres bet dikeresakeun pategang sareng saderek kutan teh putra bapa Djalumpang?"

„Leres kang. hapunten abdi tadina mah nurut ka pun bapa sareng pun lantjeuk kang Djaka, wirehna djenengan engkang kedah ditipu dilebetkeun kana djalan nu dipager nu parantos dipasang ku rutjuk lir upami bongborotan," tjeuk nji Kusminar bari ngarontok ka Amran malah mani kana punduk njekelan ari tuur ditumpangkeun kana lahanan.





Teu sawios geulis, memang sae. Eta teh hidji ta-  
wis Mimin satia kanu djadi rama, engkang oge ngi-  
ring bingah ngiring atoh, ku ajana pun paman sa-  
satna kagungan putra anu sakieu satiana!" tembal  
Amran bari diusapan. Nu diusapan bangun nu peler  
asa kaogo, ngahephep djeung beuki neuteup tur bi-  
wir nu ambutjuj teh beuki ngadeukeutan

Nadjan kalah kumaha oge, Amran teh moal kuat  
Nemro anu ambutjuj tur tjureuleuk, sarta rupana  
geulis mah, wajahna bae kudu katarik birahi kapent-  
tang duriat.

Kek bae ku Amran ditjepeng gadona, ditarik la-  
launan nu ditarik oge merean tur peupeureudeuj-  
an, tjelepot dikemot nu kutjup tur anu ambutjujna  
mani njiut semu diketjrok. tur kerelek djiga anu  
diteureujan, nimat karasana ku duanana oge.

Tingharehoh tingrarandjug, tingtjariut sora biwir  
kana biwir beuki anteng silih galemohan, ngadja-  
dikeun beuki njedek birahina.

Sot lalesot, tuluj silih teuteup, Amran ngalamun  
sakeudeung manehna boga maksud nu penting pi-  
keun ngudag tjita<sup>2</sup>na. Tapi manehna teu luput ku  
katarik birahi kapentang asmara ku nji Kusminar  
teh, kapaksa pok manehna nj.rita.

„Kamana ari ibu?"

„Ibu? Teu aja nudju ka huma," djawabna bari nga-  
lawan paneuteup Amran, Gelenju imut, renghapna  
katara semu gantjang.

„Urami engkang ngiring mondok heula sakedap  
kumaha kawidian?"

Nji Kusminar rada ngabelengeh seuri sarta ngadilek dibarung ku njarita.

„Mangga, teu aja kaabotanana ari keresa mah kulem di nu sakieu laipna ?”

„Naon nu ngadjadikeun laip, sakieu raraosna, malih betah pisan didieu teh engkang mah, paparahna hojong teterasan ulah wangsul deui.” djawabna bari seuri sarta gap kana ramo nji Kusminar dihadja ditjoo lalaunan lebah tanggaj-tanggajna.

Ser, serrr ned. seblak nji Kusminar nepikeun ka seseblakan ditjoo ramo ku djadjaka nu kungsi ka piati kawantu mimiti turun duriat ngan ka Amran, tapi kapaksa ku tugas ti bapana teu bisa ngahindarkeunana deui.

„Atub, bade kulem mah mangga da sajogil” tjeuk nji Kusminar bari manehna djung nangtung, sanggeus nangtung pokna deui.

„Mangga ku abdi didjadjapkeun ka padjuaran, namung awon padjuarannana oge!”

„Lah tong seueur saur, engkang mah dina lubur eurih oge raos, angot dipadjuaran!” djawab Amran bari djung nangtung, dek ngarendeng, dilek nji Kusminar ngadilek heula bari imut, ngan sakilat leungeunna ngael leungeun Amran, atuh pakael<sup>2</sup> asup ka djero kamar.

Datang ka kamar, nji Kusminar buru<sup>a</sup> kekepruk ngeprukkan kasur ku sindjang kebat bantalna djeung seprena dibebereh.

„Mangga kang, parantos sajogi ajeuna mah!” nji Kusminar gantjang ngamanggabeun bari nuduhkeun kana randjang ku djempolna.





Amran ngareret heula ka nji Kusminar anu ngad-jengdjen tur neutaup. semu bareureuman.

„Raos rada nararingnang engkang mah upami mon-dok teu aja nu ngarentjangan teh,” tjeuk Amran bari djeung neutaup tur imut,

Nji Kusminar keon dibawa tungkul serned kana hatena mani njeblak tur njeriset, Kitu deui Amran malah beuki matjehna.

„Mangga we atuh tipajun, abdi oge piraku tega ka engkang, tangtos direntjangan bilih engkang aja nu mangku,” tjeuk nji Kusminar ari njarita d barung semu nu heureuj, tapi saenjana mah manehna oge njosok djero.

„Mangga atuh engkang tipajun upami bade diren-tjangan ku Mimin mah!” tjeuk Amran bari golehe kana kasur.

„Jej engkang mah ku paja kulem teh nja?” tjeuk nji Kusminar bari seuri tur neutaup.

„Naha kitu?” tjeuk Amran semu heraneun.

„Da abdi mah sok teu paja ningal anu kulem nganggo anggoan mah,” diawab nji Kusminar bari njuh seuri leutik,

„Aeh hilap, leres we ieu teh lantjingan parantos rada merang kawatanos teu ngabantun salin engkang teh” tjeuk Amran bari nangtung deui. ngalaan tjala-lana pandjangna, tinggal kolor wungkul djeung kaos sangsang.

Golehe deui manehna sare bari njansaja dina ban-tal nu numpuk tur bararodas turta njelengseng seu-ngit minjak seungit duka minjak nanahaon.

„Sok atuh Mimin geura kulem!” tjeuk Amran bari njerengeh tur neutaup kana beungeut nji Kusminar.

„Kapan patunggon mah teu kedah mondok, tjeuk tuggur we didieu, kitu sanes?” tjeuk nji Kusminar, kituna teh dibarung ku dilak djeung imut.

„Masina nu teu jamang atuh dituguran teh kedah didukdukan bari tjalik, ari engkang mah mung udur lalamunan, nja kedah we direntjangan ku nu kulem deui,” tembal Amran kituna teh dibarengan ku ajek-leungeun nji Kusminar lebah pigeulang.

Serrr ned, maranehna tingsareblak rarasaanana, njeriset kana hate sumarambah kana bajah.

Kapaksa nji Kusminar beuki lungse beuki lungse djeung rumenghap, gek dina sisi randjang, geus kitu geledug gigireunana seblak seak kana rasa mani njeak duanana sakeudeung mah tingharuleng.

„Mimin mah sok litjik geuning ka engkang teh nja?” tjeuk Amran bari rada njagigir ari pipi mah ampir paantel.

Nji Kusminar ngagilir ka Amran, pel diadu biwirna kana pipi Amran, sarta pokna teh.

„Naon nu djadi kalitjikan abdi ka engkang, kapan parantos direntjangan ieu oge?”

„Sumuhun emut bae nu paos ari ka engkang ngahadja miwarang ulah nganggo anggoan, ari Mimin bet disindjang diraksukan. Atuh sami bae sareng Mimin engkang oge teu paja direntjangan kulem ku nu diraksukan mah,” tjeuk Amran bari njerengeh.

„Beu, edas we engkang mah, ah pamali atuh.”





„Palih manana kasebat pamali teh? angguran diraksukan kulem mah pamali, saur sepuh tea mah sek awon nganggo<sup>3</sup> atanapi kirang lutju ari midang, saupami djalmi kulemna teh.” tjeuk Amran aja<sup>2</sup> bae pikaalaeunana teh.

Nji Kusminar ngadilak heula tapi gantjang ngo-neal hudang sarta pokna teh. „Kutan teh kitu. ah atuh bilih awon midang.”

Geus kitu mah gantjang tjutjul<sup>2</sup> kabaja dilaan tinggal beha wungkul, lenjap hate Amran barang nempo dataran dadana nu sakitu umjangna, sarta njareungseungna pinarep nu katuruban beha beureumna, komo barang geus ngalaan sindjang, tinggal anderrokna wungkul gumpalan kulit padaharan mani matak ngarendjag saluar awak, ngolenajna buah bitis djeung paha nu ngagelempong.

Dadak<sup>2</sup> pikeun Amran asa djauh kana pipaeheun, urut tjape mentas leumpang teh leungit tanpa lebih ilang tanpa karana, bet asa didjero sorga dunja anu pinuh ku kaendahan.

Reket nji Kusminar neueulkeun keuneung leungeun kana sisi randjang mani ngareket, sakaligus manehna ngagoledag, njanghareup ka Amran nu harita keur njangigir, geduk diadu pinarepna kana dada Amran, serirr ned, seblak duanana pating sareblak dadak<sup>2</sup> napsuna ngagegedur, tur gado njararodtjod. Kulawit leungeun Amran kana punduh nji Kusminar, gep dikeukeup bari ditarik, pel patepung lambej djeung pangambung.

Beuki lila beuki anteng, beuki tingrarenghap.

Les soara lisan mah geus teu kadenge deui galuntrengna, tinggal sora renghap randjugna nu kadenge djeung ojagna randjang nu disalureanana, duanana pindah ka alam kaendahan.

Satengah djam antarana. kakara tingkulisik deui harudang. Nji Kusminar pok njarita bari njiwit ka Amran, malah Amran ge ngagurubug.

„Engkang mah geuningan bangor, kapan sareng abdi teh saderek, naha bet kitu atuh?” dibarung ku njerengeh bari neutaup.

„Pantjakaki saderek soteh Min, nanging asmara biasana teu kenal saderek, duriat anu henteu tumpa<sup>2</sup>, saha nu tiasa meranganana, sanaos anu saku-maha djagona oge.” tjeuk Amran bari seuri.

„Leres, nanging abdi teh nembe ka engkang pisan ngaraos katadji ati kapentang asmara teh, da kanu sanes mah teu pisan<sup>2</sup>. Kukituna bilih aja salah sawios, engkang muging kedah tanggel djawab,” tjeuk nji Kusminar bari njekel leungeun Amran.

„Mudah<sup>2</sup>an engkang diparengkeun pandjang umur kalajan ulah aja gangguan itu ieu.

Saleresna, engkang teh etang<sup>2</sup> sasaderekan wae sareng Mimin, mamanawian Mimin keresanulungan ka engkang kanggo engkang nerasken tjita tjita.”

„Perkawis naon atuh anu dimaksud pitulung ti abdi teh, da henteu aja katiasa abdi mah!” tjeuk nji Kusminar bari seuri.

„Manawi Mimin kagungan sisimpenan paparin ti tuang rama anu tiasa dianggo pidjimateun supados maksud engkang enggal hasil.





Sakumaha anu parantos disanggemkeun kamari ieu ka Mimin, rehna engkang bade milari nu maehan bapa engkang. Nanging anu di Tjiharendong mah sanes, da eta mah tunggal saderek engkang keneh njaeta tuang rama teh paman engkang.

Saur rama oge aja sisimpenan didieu, kitu oge upami ku Mimin dipaparinkeun mah saurna teh pek anggo ku engkang.

Namung mangrupi naon<sup>na</sup> engkang oge teu terang mung di Mimin saurna teh aja?" tjeuk Amran manehna djiga nu geus njaho kaajaan di imah Mimin atawa Kusminar, nepi ka njarita kitu.

„Eh, aja eta oge, Namung ari saur bapa mah ulah dapon nu sanes, indung suku oge teu kengeng di paparin uninga. Tapi kukituna ari parantos aja kasauran ti bapa mah mangga dipaparinkeun ka engkang. Geura aja sisimpenanana didieu,” tjeuk nji Kusminar bari djung nangtung. Kolotrak mukakeun latji lomarina, ngaluarkeun nu dibungkus ku lawon bodas tur beresih.

Tuluj njampeurkeun deui bari mawa bungkusuan Amran geus teg bae na hatena bari gerentesna.

„Ach, waspada ibu Hamidah mah,” memang manehna kamari ieu waktu dina keur sepi djempling kungsi digelendut ku ibu Hamidah ka Tarmidah tez jen dianakna nu ngaran Kusminar aja djimatna.

„Tab ieu kang, ku bapa dihadja disimpen di abdi margi ieu mah djimat kahidjina saurna teh upami parantos ka deseh<sup>2</sup> teuing ku musuh nembe ieu mah digunakeun.” pokna teh bari nembongkeun.

„Euleuh naon atuh ieu teh dilebetna Min engkang mah mani ngadegdeg nembe ningal bungkusna oge geuning,” tjeuk Amran pura<sup>2</sup>, padahal ngadaregdeg soteh pedah ngarasa bungah, djeung ata deuih teu weleh heran kana kawaspadaan ibu Hamidah anu djadi bibina, paingan ngobrolna kalem pisan nembongkeun pangalaman<sup>2</sup> nu lain teuleumaneun barudak ngora.

„Ieu mah sanes mangrupi peso, sanes mangrupi keris atanapi pakarang sanesna nu biasa dipigaduh ku umum, nanging sarupi beusi sapertos nanggala, geura urang buka!” tjeuk nji Kusminar bari muka bungkusna.

„Ari breh teh enja wae kawas nanggala, ari bentuk atawa polonganana eta beusi teh legok ti tengabna sakeupeuleun djelema. Kentja katuhu buleud, mun ajeuna mah siga harter. Ari gedena nu baruleudna sagede indung suku, sedeng tengahna nu legokna sagede tjuruk kolot.

Euleuh kutan teh kieu rupina. nembe mendakan djimat sarupi kieu mah atuh. Dupi kasiatna kana naon saurna? Da weleh tuangrama oge teu ngawartosan. Saurna teh, upami diterangkeun ku Mimin pek bae, ku emang mah pamali, saurna.” bisa bae Amran ngolona teh.

„Upami dibaledogkeun ka musuh, kadjeun sarebu djalmi oge leuleus ku ieu beusi mah kasiatna tiasa ngaluarkeun tenung, malih kaambung ku musuh mah bau sapertos gas ratjun bae. Malih tiasa disuhunkeun angin topan saneskanten, djawabna.





„Aduh kutaan teh kitu, leres<sup>2</sup> ieu mah matak heran; paingan saur tuang rama djimat nu nomer hidji. Dupi kawit ti mana ieu teh Min ?” tjeuk Amran bari unggut<sup>2</sup>an semu heran.

„Kapungkur saurna, nalika pun bapa guguru ka nu djenengan mama Djambhuri di Sanggarwaringin. Mama Djambhuri kagungan ieu nanggala.

Waktos mama Djambhuri diawut-awut ku nu djene-  
ngan Lodaja ti Pakidulan kalajan Tjameti Paksi, ieu  
teh kantos dianggo ku mama Djambhuri, namung  
satersna ku pun bapa dipaling, dibantun lumapat.

Nja atuh mama Djambhuri dugikeun ka kawon dina  
peperanganana, terutami waktos disumpingan hidji  
djalmi nu sapertos tangtungan raksaksa, djenengana-  
na Kalakatung ti Guha Upas, eta teh masih keneh  
balad Lodaja sareng Tjameti Paksi.

Pun bapa sareng sobat-sobatna malik ngamusuh  
ka mama Djambhuri, da bongan mama Djambhuri ka  
olo ku Lodaja sareng Tjameti Paksi kitu deui ka  
olo ku karuhunna nu ngaran aki Mardasan ti Gu-  
nung Tjikuraj, atuh harita mama Djambhuri kagungan  
mantu ka nu djenengan Bagus Handali putu aki  
Mardasan, rakana nu djenengan Tjameti Paksi tea.  
Ari Tjameti Paksi, tjeuk numutkeun dongeng ti pun  
bapa kitu oge, nu djadina teh Hamidah istrina Lo-  
daja ti Pakidulan alias Bantar. Kitu eta teh kang,  
kitu oge numutkeun dongeng<sup>2</sup> ti pun bapa, da abdi  
mah budjeng<sup>2</sup> terang djaman harita mah teu atjan  
aja<sup>2</sup> atjan abdi oge.” Nji Kusminar nutup tjarita  
ku imut nu ngagelenju.

„Tangtos, moal lepat deui Mimin mah alit keneh diajana oge,” tjeuk Amran bari djeung olohok, geuning kapanggih ajeuna mah jen eta sendjata teh kagungan mama Djamburi nu ajeuna nelah mama Panhur atawa pikeun Amran mah aki teges.

„Sanes alit keneh teu aja<sup>2</sup> atjan teu atjan lahir lahir atjan atuh abdi mah,” tjeuk nji Kusminar bari djeung seuri leutik.

„Ulah kapalang nja bela Min ka engkang. engkang oge moal wantun tjumarios kitu ka Mimin upami teu aja paidin ti tuang rama mah saur tuang rama pisan aja djimat andjeunna didieu teh. Saurna upami kawidian ku Mimin mah prak kantun ku engkang. pikeun andjeunna mah istuning ikhlas nambutkeun ka pun engkang teh, da saurna oge peupeuriheun emang teu tiasa belapati ka bapa hidep. Kitu saur tuangrama ka engkang teh waktos engkang ngobrol di Tjiharendong.” Amran ngolo<sup>2</sup> ka nji Kusminar.

Nji Kusminar belenjeuh seuri bari ngadilak sarta pokna teh. „Upami tanggelwaler mah engkang. tiasa ngadjagi ieu pakarang ulah dugikeun ka itjal, sumangga dipaparinkeun ka engkang. Margi ieu mah parantos hak milik abdi. Saur punbapa, upami andjeunna tilar dunja bagian abdi, margina deui kang Djakatarung mah parantos dipaparinan ku pun bapa teh hidji pakarang nu tina hoe alit namung kasiatna estuning kalintang matihna. Saurna oge eta teh kening ngahadja punbapa kapungkur maling ti aki Mardasan saurna bae kitu oge,” tjeuk nji Kusminar.

Amran ngarendjag deui ngadenge ketjap<sup>2</sup> kitu teh.





„Ach<sup>2</sup> geuning bet sagala dipaling, beu naha atuh Ujut Mardasan basa panggih teu njarioskeun nanaon iwal ti bibi Hamidah anu uningaeun jen aja djimat turunan aing didinja.” tjeuk gerentesna.

„Kumaha engkang keresa tanggelwalerna, moal bade itjal ieu djimat punbapa teh, mangga upami bade ditambut mah ku abdi disanggakeun,” tjeuk nji Kusminar sakali deui pedah Amran ngahulengbae

„Insja Allah, ku engkang bade dibungkus didamadama kalajan moal sagawajah, ka engkang teh aja ilapat rehna kedah ngabantun eta upami bojong pendak sareng nu mergasa ka punbapa,” tjeuk Amran.

„Mangga tjandak ku engkang, simpen dina angkeng kalajan upami teu kapeped-peped teuing mah ulah dianggo, namung sanaos dianggo oge ieu teh tiasa wangsul daui ka urang. Sok asal digupaj deui,” nji Kusminar mapatahan ka Amran.

„Sumuhun kahartos pisan ku engkang. Nuhun parantos ditulung kalajan kaiklasan ku salira Mimin!” tjeuk Amran bari nampanan eta djimat nanggala tea, bus kana tjangkengna.

Amran pok deui njarita, pamitan rek nulujkeun perdjalannana,

„Min, wajahna ku engkang bade dikantunkeun deui, kalajan engkang oge tangtos bakal enggal<sup>2</sup> nepangan deui boh endjing boh pageto, kitu deui mugu ku Mimin diduaknun sing enggal engkang pinanggih sareng hasil anu ditjita-tjita ku engkang.”

„Diandung pangestuna ku abdi kang, sawangsulna engkang mugu piduana ka abdi didieu mudah<sup>2</sup>an sing tiasa enggal tepang deui sareng engkang.”

Amran seuri didjawab kitu teh, tjeuk pikirna enja<sup>2</sup> Kusminar mah ngabarepkeunana ka manehna teh tapi pikeun Amran duka teuing da geuning galatna kitu, lain pikeun pipamadjikaneun saukur pikeun dipake pamaledog atawa pantjingan wungkul keur ngajakeun tindakan ku bapana katut balad<sup>2</sup>na.

„Min, mangga engkang bade mios, Wiludjeng kantun bae nja!” tjeuk Amran bari sasalaman heula.

„Wiludjeng angkat kang, mangga didjadjapkeun ku abdi dugikeun ka lawang lembur!” tjeuk Kusminar bari manehna ngaleng kana tjangkeng Amran.

Amran pagegentet nepi ka lawang lembur sanggeus nepi ka lawang lembur kakara papisah deui.

Amran ngabengbeos indit dituturkeun ku teuteup nji Kusminar, anu pikeun nji Kusminar mah katji da mitjintana teh.

Tapi dadak<sup>2</sup> hatena tugteg tingsareblak duka teuing rek manggih naon. Duka pedah papisah djeung Amran duka rek meunang hidji dododja atawa tjotjoba ka dirina.

Kakara sanggeus Amran teu katingali deui mah manehna balik deui ka imahna.

*[Handwritten signatures and scribbles]*





## BAGIAN KATILU

**A**NGIN leutik ngahiliwir. dangdaunan tinggarupaj ngelab<sup>2</sup> katebak ku angin leutik kawas anu ngagupajan ngahihiap ngadjak njimpang. Ari djukut tararungkul, nja keusik<sup>2</sup> tjarentik tjabatang<sup>2</sup> tjarentang djukut batu ngalalempur kahibaran kunu geulis nu keur ngambah bandawasa.

Turun gunung unggah gunung. mapaj akar njeung djungkraang sakapeung tikakarait kana djangkar reudjeung regang tatangkalan.

Dipapag ku sasatoan anu bangun galumbira kasumpingan kunu geulis turta wanodja sampurna istri anu sadjati petetan ti Sewudjadar.

Karek alear sarurak, patjikrak igel<sup>2</sup>an hingklik bangun ngahariring, tikukur tarembang pangkur galatik ngalagu tjatrik, pujubatu malagatru, ekek ngengklak djararoged diketukan ku tjaladi.

Reg nu geulis liren heula, tina ngaraoskeun nah-najjalungsena beak karep geus meunang sapoe sapeuting ider<sup>2</sup>an dileuweung milari buah hatena,

„Duh kang Amran naha lami<sup>2</sup> teuing, padjar bade ngalajadan ka sim abdi nu tunggara, Engkang mah moal uninga rehingna batin sim abdi waktos ieu nudju dirungrum kaliwung gandrung wujung kapilang-rung gering nangtung ngalanglajung.

Abdi teh maksa mirusa ka pun bapa pamit maos bade milarian engkang, sanaos ku ama digawel namung keukeuh abdi maksa da inggis melang ku engkang bilih pinareng keuna ku pati.” tjeuk gerentes nu nudju liren dina handapeun tangkal kai, taja lian eta teh iwal Marwajah putra mama Kuwu di Sewudjadjar.

Kumargi mang puluh<sup>2</sup> dinten tos ampir sasasih lawasna, Amran taja embol<sup>2</sup> ka Sewudjadjar nu tadi-na Amran geus djangdji jen saminggu sakali bade ngalajadan tina kituna kanggo Marwajah mah sanes bae timburuan nanging timburu bilih Amran keuna ku pati apes ditengahing perdjalananana.

Hiliwir angin tibeulah kaler nebak kana pameunteu nu keur ngiuhan karasana mani seger seak kadenge sora tjai njeok Marwajah ngarendjag tjuring-hak eukeur nahnaj hanaang ngadangu tjai.

Maksakeun tjengkat tuluj nudju ka beulah wetan kaler mapaj<sup>2</sup> nu lalowong ku tatangkalan.





Breh mendakan leuwi anu tjanembrang herang di hidji walungan nu teu pati lega djeung tjaina ge teu pati gede, tapi dina leuwi mah tjukup njuge-makeun lamun dipake mandi teh.

„Alhamdulillah, ah rek mandi sugan ulah ialungse djeung harareudang teuing !” tjeuk gerentes Marwajah bari ngalaan raksukanana, sindjangna kalajan anderrokna pisan.

Malah da kusabab taja deui pikeun salin lantjingan oge dilaan, mun aja nu ngintip tea mah matak ting kerenjed hate ningal ngagelemping potongan salira Marwajah. Kulit sampulur, dada datar pinareup estu marontjlot teu beda ti putjuk gunung sadjodo djigana teh palaleungkeur keneh, kawantu weuteuhan kakara kasebut randa bengsrat.

Kutjuprak kana leuwi ngeueumkeun salirana sasemet angkeng, djongdjon lalugina sabab tjeuk emutanana moal aja nu ngarintip ieuh da dipileuweungan piraku aja nu rek ngulampreng.

Malah kokosok oge bari nangtung sampean diangkat hidji ditumpangkeun kana batu, tuluj dikosokan buah bitisna dugikenn kana pahana.

Paha nu tingkalolenjaj kaeunteungan ku tjai nu tjanembrang herang kalah beuki tingbarurilak.

Dasar kudu kanjahoan ku hidji djelema, rongheap ti tonggoh aja nu leumpang mani nudju pisan ka lebah dinja leuwi nu dipake ngebak ku Marwajah. Djenghok ngadjenghok barang nempo nu keur kokosok tur mani sakitu geulisna mentjrang matak uruj nu nempo kabita nu pareng patepang tingal.

Ari nu nepi atawa datang ka lebah dinja teh taja lian iwal ti Maskara nu geus kabur ninggalkeun lemburna sabab ngarasa panas ku Amran, asa direbut pamadjikanana nji Tarmidah nu geulis.

Tadina mah manehna ngadjenghokna teh bet mani asa ku sarupa pisan djeung nji Tarmidah, taja bedana saeutik dina kageulisanana mah, boh pakulitan boh potongan salirana. kitu deui dina rambutna.

Tapi barang disidikeun, aja bedana saeutik. Pikeun Marwijah aja tjiri dina pipi beulah ti kentja mentjenit karang leutik tapi hirup, nambahan panjari-njari kageulisanana.

Lep Maskara njumpot ngintip dina balik<sup>2</sup> tangkai kai nu galede, ari panonna mah ngintip nu di leuwi bari renghap randjug, tikoro tingkerelek neureuj tjiduh ka urujna. Mun teu ras sieun ditampik kalawan ditjarekan, hajang njampeurkeun bari djeung ngagabrug salira nu geulis, moal teu matak nikmatna digaléntoran dina leuwi sok sumawonna bari sakalian mah didinja oleng panganten.

„Boa<sup>2</sup> ieu mah lain awewe bangsa manusa, tjeuk bedja ti kolot mah madjah sok aja ipri nu njiliwuri atawa djin awewe nu ngahadja mandi niru<sup>2</sup> rupa manusa. Tapi hajang njaho ku aing rek diintip, sugan we manehna ngareret ka beh dieu hajang djelas nempo beungeutna!” tjeuk gerentes Maskara.

Kawas nu terus rasa, Marwijah ret ngareret kapalebah panjumpulan Maskara.

Teerrr ..... ned. renghap Maskara sanadjan bari kalembus ku asmara tapi ngarenghap ku kareuwasna





Kuat ngageter sakudjur badan, Maskara bawaning kaget pedah manehna ngagerentes hajang ngareret kadieu pek teh ngareret. „Beu boa boa bisa ngadenge kana omongan batin?” kitu pikirna Maskara.

Handjakal eta taja baturna, mun aja baturna meureunan aing bisa ngadenge soara moal teu halimpu pisoraeunana oge beda dina ulatna alum, geulis di barung ku lungguh timpuh,” gerentesna deui bari ngawawaas maneh, unggal Marwajah mindahkeun sampeanana unggal ngalenjap hate nu ngintipna dumeh ngolenjaj pakulitan pahana matak pikabitaun.

Dadak<sup>2</sup> keur ditjaritakeun kitu dina batin Maskara nu ngebak handjat kana batu nuus ngagibrigkeun salirana tuluj dilantjingan heula tamba orat teuing tapi djongdjon samaruk taja nu ngintip.

Djigana tambah ngalamun Marwjah ngahariring la launan tapi atra sorana kadenge kunu ngintip.

Ari pilagueunana mun dilenjapan mah meureun eta teh teu beda ti lagu Tjandra Wulan dina pupuh Asmarandana pokpokanana teh kieu:

Dub engkang ku tega teuing,  
ka sim abdi ngantun lawas,  
abdi mung bati na hate,  
hojong patepang djeung engkang,  
abdi teh luluasan,  
aprak<sup>2</sup>an di gunung,  
sasatna milari engkang,

Nu ngadedengekeun mani ngaheab hate ngadenge sorana nu halimpu sedeng guguritan kabirahian

„Aing geus diutus ku kapala rampog nu ngaran Pa Djalumpang jen aing kudu neangan heula awewe nu ngaran Marwijah nu lemburna di Sewudjadjar, tapi aing ajeuna manggihan awewe nu sakitu geulisna, naha mending ieu bae kitu ku aing rek ditewak. Sartasientjanna disetorkeun ka Pa Djalumpang ku aing rek diolo heula didieu. aing teh bogoh, aing kabita ku rupa djeung pakulitan nu sarupa kitu mah.”

Kusabab katempo Marwijah geus make deui an-derok manehna maksakeun maneh njampeurkeun tuluj dideheman ti nu bala.

„Hemh, hem—!”

Rendjag teh Marwijah ngarendjag sataker kebek barang ngadenge nu dedeheman teh mani njeak kana hatena, dadak<sup>2</sup> ngadegdeg tur tjolohok nempo nu njampeurkeun hidji djadjaka, Malah diteuteup, da tadina mah samarukanana Amran, tapi di sidik<sup>2</sup> lain.

„Damel naon Enden teh?” tjeuk Maskara bari nje-  
rengéh nanja leuwih tiheula ka Marwijah.

„O ..... oh ..... nudju kieu we ..... ” waler  
Marwijah bari masih keneh sowak, awakna ngalale-  
per. Hapunten bae engkang teh tjologog, bade tu-  
maros dupi Enden teh saha, anu timana kawit?”  
pokna deui.

„Abdi, oh ..... Siti abdi mah,” walon Marwijah  
bet aja kereteg hate hajang ngilungan ngaran nu  
sabener- benerna.

„Kawit timana?” pok deui njusul kawitna.

„Ti Ardjuna abdi mah bade ka Tumaritis,” dja-  
wabna deui, ngaku<sup>2</sup>keun urang kontrak Ardjuna nu  
rek ka kontrak Tumaritis bawahan leuweung eta.





*Upami nambur. Ieuk ur.*

„Hatur nuhun atuh ditepangkeun didieu engkang sareng Enden.” tjeuk Maskara bari nierengeh malah manehna antjrub kana tji rek njampeurkeun kana batu tempat Marwijah nuus.

„Ke atuh punten bae abdi bade disindjang heulal! Buru andjeunna nganggo sindjang mani gesat gesut naker da sieun kaburu nepi eta nu rek njampeurkeun. Rap dikabajaan, sok asal buni bae teu diatur ieuh.

„Eeh, ieu lalaki teh bet tjalutak teuing wani<sup>2</sup> njampeurkeun ka awewe nu keur dibuligir, boa boa djelema djahat. Moal kitu turunan si Djalumpang mah model si Djakatarung?” aja cge katjurigaan mah.

„Punten bae sanes tjologog, engkang hojong nge nalkeun, nepangkeun salam silaturahmi!” bari song manehna ngasongkeun dampal leungeun ka Marwijah.

„Hatur nuhun ditampi. Sawangsulna engkang teh saha djenengan, sareng timana kawit. Bade kamana atanapi mulih timana?” tanja Marwijah..

„Engkang nu katelah Maskara, ari kawit mah tiditu tebih ti Kandangdjaga; mung engkang kumargi nudju sumpeg emutan nja sa-paran<sup>2</sup> bae. Pangna djadi sumpeg emutan teh teu aja sanes namung ku dipangkaburkeun ku bodjo, kalajan kaburna teh di babawa ku djadjaka nu ngaran si Amran,” tjeuk Maskara dadakuna teh kitu, atuh rendjag seak heg kana hate Marwijah mani ngarenghap pandjag ngadenge jen Amran mawa kabur pamadjikan lalaki nu ieu teh, gede oge timburuanana pikeun Marwijah malah<sup>2</sup> ampir<sup>2</sup> njurutjud tjipanon mun teu ditahan mah.

„Amran. Ieres kitu ku Amran atanapi sanes?”

~~„Leres kangaran Amran anu tjeuk pangakuanana mah urang Kandangwesi, hidji djadjaka nu ganteng nanging tilimit ka pamadjikan batur!” tjeuk Maskara semu anu ngahuleng, sarta pokna deui.~~

„Naha Eaden uninga ka nu djenengan Amran?”

„Dupi djenengan Amran mah da seueur atuh, manawi teh Amran batur salembur abdi, mung batur salembur abdi mah Amran oge Amran nu parantos kolot sanes djadjaka, budjeng<sup>2</sup> ka ganteng,” walerna dihadja dibalengkotkeun kana lebah dinja, padahal hatena mah sumereset sumeredet mun teu ras hajang djedjeritan tina saking ku timburuan.

„Teungteuinguen singhoreng teh tjinta nogentjang, abdi mah siang wengi emut wae dugi ka hojong ngilarian, kari<sup>2</sup> engkang kitu. Emh kang Amran, panginten engkang mah satengah hate ka abdi teh. Kanggo naon atuh abdi ku engkang parantos dikintunan tawis katjinta upami teu bade tanggeldjawab ahirna mah!”

Maskara neuteup mani teu kitjeup<sup>2</sup> pedah nu geulis semu nu hulang huleng, tidinja pok manehna nanja deui bari surungah serengeh.

„Dupi Eaden uninga lembur Sewudjadjar?”

„Duka atuh teu atjan terang abdi mah, naha bade aja kaperjogian naon ka Sewudjadjar?” waler Marwajah bari neuteup ka nu nanja, nu diteuteup samar polah katadji katarik ati kapentang akma duriat anu memang dagdigdeg ti mimiti patepung oge.

„Saurna bae, kitu oge engkang teh dipiwarang ku sesepuh engkang nu djenengan pa Djalumpang.





Pa Djalumpang kagungan putra nu djenengan Dja-  
katarung teras Djakatarung kagungan garwa ka nu  
djenengan Marwijah ti Sewudjadjar, Eta oge dipaling  
ku Amran saurna teh.

Saterasna Djikatarung parantos nemahan pati  
ditewek beuheungna ku Amran waktos manehna ma-  
ling pigarwaeunana nu kadua saparantosna Marwijah  
dipaling, nja maling deui nu djenengan Tarmidah ti  
Kandangjaga

Tah kumargi ramana njaeta pa Djalumpang teh  
bendu ka engkang ngutus ka Sewudjadjar miwarang  
milarian Marwijah kalawan Amran. Tah ieu manawi  
engkang asruk<sup>2</sup>an ka pileuwengan teh, milari nu  
djenengan Amran bade di tangkep dipaehan, kalajan  
milari Marwijah bade disanggakeun ka pa Djalum-  
pang," tjeuk Maskara bisa pisan njaritana teh, sa-  
maruk pikeun nu diadjak njarita teh lain nu keur  
diteangan tea, turta samarukna teu njahoeun ka  
ngaran Djakatarung teh.

„E ..... eh, boro ku aing dipertjaja, ana kieu  
ieu teh teu salah tina taksiran tadi barang patepung  
anak buah Rampog Gerot keneh bae siboreng. Pi-  
raku kang Amran maling pamadjikanana, djeung  
maling pipamadjikaneun Djakatarung ?

Nja ari dipaehanana Djakatarung ku kang Amran  
mah aing pertjaja. bisa djadi aja hidji awewe nu  
ditulungan deui," tjeuk gerentes hate Marwijah.

„Aduh leres djahat eta nu djenengan Amran teh  
nja Dupi dipalingna nudju kumahasurna ?" tjeuk  
Marwijah,

„Ari Marwijah mah saurna nudju ditjandak amengan ka pasir, saladjengna waktos dikatunkeun ka djamban ku Djakatarung, Marwijah djol ditjandak kabur bae, diberik tos teu kabarik deui.

Marwijah dugi ka adug ladjer djedjeritan.

Djakatarung teh kagungan deui dibumina hidji wanodja geulis djenengan Tarmidah ti Kandangdjaga eta teh nembe pagarwaeun nu kadua.

Naha barang Djakatarung sumping ka bumina Amran tos njampak ngabongohan ka Djakatarung dite-wek bae atuh Djakatarung teh lebah tikorona. ari Tarmidah dibawa deui kabur.” tjeuk Maskara beuki ngabohong padahal Tarmidah teh pamadjikanana pisan tur lain dipaling ku Amran oge, ditulungan. ngan salah tarima, atuh nja ahirna Tarmidah oge ngarasa kagok dipitenahkeun, antukna manehna mikatjinta terus ka Amran teh.

„Mangga bae atuh enggal pilarian kaditu hawatos upami kengeng mah nu djenengan Amran teh ku engkang tong dianggo sieun, gelutan weh, kalih ti eta Marwijah geura pilarian, sanggakeun ka bapa Djalumpang tea.” tjeuk Marwijah da geus ngarasa hareudang dideukeutan ku lalaki samodel kitu mah teu salah tina taksiran ieu teh baturna rampog.

„Ke heula geulis, engkang oge ku ngaraoskeun mobok manggih gorowong asa nudju udur kenging pilandongeunana. Dikeresakeun patepang sareng En den, titadi pisan sedja walehna mah namung rada isin Kumargi engkang nudju kabungbulengan ku pun bodjo nu dipaling ku Amran sasatna mah kaedanan.





Kukituna da ngaharepkeun nu parantos dipaling ku Amran mah rupina moal tiasa kapendak deui. Kumaha upami engkang mikahojong ka salira Enden, etang<sup>2</sup> ka engkang maparinan pitulung manglandongankeun batin<sup>2</sup> engkang anu nudju gandrung gering nangtung ngalanglajung." Pokna teh bari djeung surungah serengeh ari panon neuteu<sup>2</sup>.

Atuh tangtu bae da lesot ti nu geulis manggih nu leuwih geulis, manehna djol<sup>2</sup> pogot bae

„Mugi ulah djadi bendu panggalih da sim abdi teh sanes djalmi lengoh, saleresna parantos gaduh salakij. Tjintana mah nu kalintang ka engkang teh, namung njakitu bilih teu uninga mah abdi teh ridu," tembal Marwijah bari djeung mentjrong kana beungeutna,

„Aduh, tjilaka atuh diri engkang teh upami kitu mah, tinangtos kedah ngalaman udur batin anu sapapaosna bae. Namung ku tina aja kasauran Enden nembe, kumaha upami keresa dipilih..., tiasa dipilih?" tjeuk Maskara seron nu handeueuleun ngalaleter tina ku kabawa napsu birahi.

„Perkawis naon tea kitu, tjing atuh sakali deui ku engkang tjarioskeun?"

„Sumuhun, saur Enden teh nembe kieu, Sanes teu tjinta di tjintana ka engkang mah kalintang, mung ku kahandjakalanana teh kagungan tjaroge. Tjing kumaha upami laksanakeun bae atuh katjinta Enden sareng engkang teh, perkawis tjaroge mah da parantos tangtos parantos moal panasaran deui margi sareng Enden tos lubar kapanasaranana, sedengkeun engkang nu nembe patepang tangtos bakal langkung kabungbulengan upami teu enggal dilaksanakeun."

„Buset, persetan!” tjeuk gerentes Marwijah mendenghelna lain lumajan, malah mun kongang mah bojang nalipak ka eta lalaki teh,

Tapi bubuhan tiasa ngatur semu djeung basana, nadjan giruk atawa tjaa oge teu nawiskeun, pokna.

„Leuh, kawas teu karaos bae ku salira. Kapan engkang oge dipaling garwa teh sakitu kanjenjeri anana, sareng engkang njalira nembe anu parantos wawartos ka sim abdi. Atuh nu sanes oge njakitu bae moal aja bentenna. Upami abdi dipaling ku engkang, boh dipaling dina hartos kanggo sapapaosna, boh dipaling kanggo sakadar ngalubarkeun napsu sareng katjinta sakalieun, sami bae moal aja bentenna, Untungna upami teu kapendak, boh ku salaki atanapi ku umum. Di dunja selamat, di aherat mah moal lepat deui bakal aja akibatna. Langkung tjilaka upami kapendak ku salaki sareng ku umum, di dunja tjilaka tur wirang, di aherat kitu keneh,

Dosa nu teu tiasa ditobatan deui saur sepuh kalajan saur Kiai tea mah, njaeta DJINAH, kadjabi upami mundut dihampura ka salakina, tur salakina teh ngahampura. Tah kitu ti abdi mah kang. Soal goda tjinta, margi peraosan nu lemes anu aja dina tiap dada manusa sanaos nu parantos rimbitan sumawonten anu lelengohan mah.”

Ngadenge gelendutna anu geulis kitu, Maskara mani ngahulung, lain bae manehna njerepkeun utjapanana kana batin nu sutji, tapi njerepkeun kahan-deueulanana kana napsu nu angkaramurka.





Memang kitu nasehat nu hade teh lir hudjan nu muragna ti langit, kabeh tara djadi hade kumaha ragragna bae. Si hudjan ragrag ka sumur nu tjaina beunang dimangpaatkeun ku manusa nja djadi mangpaat, ari ragragna kana rurudjit mah nja kitu tea we lir papatah nu hade ragragna kana napsiah nu angkaramurka, nu ragragna kana batiniah nu sutji

„Aduh tjilaka, aing teh geus sakieu pangsendra katjinta sakieu njedekna asma duriat...!” tjeuk gerentesna bari ngahuleng, duriat hidji perasaan nu sutji tapi nu sok mawa kana kasarakahan, sing saha nu katerapan panjakit duriat tara aja nu bisa ngubaran deui, iwal ti kunu dipitjintana. kakara bisa tjageur lamun laksana nu dipiatina.

Gagah rongkah sakti mandraguna, pinter tur luhur ilmu panemuna, boh ilmu lahir boh ilmu batinna pisan, moal aja nu kuat ngalawanan karongkahanana sjang asmara atawa duriat.

Sok komo sakadar Maskara djelema euwah<sup>2</sup> ahirna manehna aja keretegna, ien daek dibawa teu daek dipaksa, saha nu rek nulungan ka manehna piraanan awewe tur njeungan djauh ka lembur anggung ka nu lian<sup>2</sup>na deui.

„Geulis, tjeuk dina pamendak engkang mah naon piaworeunana upami engkang sakadar hojong nja-tjapkeun ka tineung sareng katjinta wungkul, ulah soteh upami nu geulis ku engkang lajeng dibantuan kabur, panginten tuang raka deudeupeun kitu mah. Ieu mah sakadar bade saajeunaeun bae, kumaha keresa?” tjeuk Maskara geus teu tahan birahina,

„Duh pamugi ulah bendu bae, mangga emut deui ku engkang nu paos, ku manusa moal kapendak namung ku nu kagungan bumi langit tur saeusina bakal kauninga tur disaksi.” Waler Marwijah bari rada pupuringkakan bulu punduk, nempo beunget si lalaki geus beureum djeung katempo dadana rengbap randjug tandana geus kebek ku napsuna.

„Ulah kitu geulis, engkang teh upami teu kalaksanakeun tanwande nemahan adjal, gering nangtung ngalanglajung salamina. Ajeuna mah njhunkeun ditulungna bae, kapan parantos kasebat hidji amal anu sae upami nulung ka tu nudju liwung mah.” tembal Maskara bari ngetejep ngadeukeutan.

„Ulah lepat paham, dina hartos nulung nu mana nu kasebat amal sae sareng nulung nu lebet kana hidji padamelan haram,” tjeuk Marwijah bari undur-an malah geus aja keretegna rek luntjat kana wulangan lamun kasedek sedek teuing mah.

„Saur saha haram, engkang teh teu atjan ningal buktosna nembe tjariosan wungkul haram teh, geuningan aja atanapi seueur nu ngadjalankeun tjitjintaan sareng anu kagungan tjaroje teu katingal andjeunna katerapan panjawat haram boh tjilaka ku haram sareng sadjabina,” tembalna beuki murtad.

„Buset, andjeun mah sugan murtad. Teu perelu kami nerangkeun ka djelema nu kitu, sabab andjeun kosong molongpong susah pinangkepeun kana batin.

Geura djig teangan pamadjikan andjeun anu dibawa kabur ku Amran teh, kami ge ngarti lain bae Amran nu mawa kabur pamadjikan batur, tapi andjeun nu purah ngagunasita pamadjikan deungeun.





Kami njaho Djalumpang teh rampag gerot ari Dja-katarung anakna nu geus mindeng maling pamadji-kan batur tur kami pisan kungsi dipaling," tjeuk Marwijah bet dibere sina napsu nu luar biasa tira tjuana ngadenge utjapan<sup>2</sup> lalaki nepikeun ka nata-njakeun djeung ngalainkeun kana hukum anu di-tangtukeun dina Sjara njaeta haram. Tjeuk emutan Marwijah ieu mah manusa nu kasandingan napsu hewan lain manusa nu biasa atawa sampurna.

Numatak andjeurna teu ieu dipake kasieun, dje-bot<sup>2</sup> bae njarekan ka Maskara mungghah ditundjuk-tundjuk sagala rupa irungna.

Reup geuneuk beungeut Maskara lir beusi atah beuleum, tjeulina eutjeuj tina bakat ku napsu.

Ambek ku ditutundjuk djeung ditjarekan kitu ku awewe, turta manehna teu leungit mikahajangna mah malah beuki njedek napsu birahina oge diba-rung ku napsu amarah.

„Eh, naha geulis bet kalah njarekan ka engkang teh? Jeuh kadjeun teuing ditjarekan tapi moal ka-palang bongan ku ditjarekan djeung di-esek<sup>2</sup>eun ku salira, sakali deui akang naros Keresa henteu? Ke-resa dib. wa ka Tjiharendong. teu keresa dipaksa di dieu ku engkang dipurak sata agana oge istri!”

„Puuaah! nadjis teuing, kami mah dipaksa ku la-laki nu angkaramurka.....halik kaditu!” tjeuk Marwijah bari djeung tjitjiduh sagala rupa,

Nempo kuraweud djeung polotot anu geulis mah kal: h beuki pikalutjueun atuh beuki ngagedean bae napsu birahina pikeun Maskara teh.

Maskara beuki bae napsuna, beuki ngarasa kagok ngan sirintil rek njekel kana taktak nu geulis,

„Siti, andjeun rek wangkelang, rasakeun dipaksa ku kami!”

„Aaw! setan halik njingkah kaditu binatang iblis!” tjeuk Marwijah bari njepak kana tuurna.

„Hahahaha, prak geura tahan diri, tapi andjeun rek kumaha nahanna, sedeng andjeun awewe tur taja deui baturna.


Daek sukur teu daek dipaksa!” kituna teh bari kerewek njekel peupeuteujan duanana sakerewekna

„Aaaw! lesotkeun! Nadjis kami mah nadjis. Lesotkeun jeuhkami; setan! Binatang!” bakat ku napsu. Marwijah ngagibegkeun badan atuh nu njekelna ampir tidjengkang mun teu pinter kuda<sup>2</sup>na mah,

„Halik kami rek njingkah, teu sudi kami diragap diri ku manusa saperti andjeun, binatang!, setan alas bandawasa andjeun mah!” Marwijah djedjeritan.

„Jah — prak geura njarekan geura djedjeritan sakahajang andjeun Siti! Sabab tetep sakudjur diri andjeun geus ditjangking ku kami. moal leupas deui mun pisah tea mah geus disanghareupan ku kami sorangan saha nu rek njewol deui!”

„Kami mah lain ungluk kami mah lain awewe purah ngetengkeun kabormatan. jeun bisi teu njaho kami teh lain Siti tapi sabenerna ieu pisan Marwijah ti Sewudjadar, pamadjikan Amran. Hajob geura ngaku deui ka kami. kami oge njaho Djakatarung teh rampog gerot begal bikang<sup>3</sup> geus sohor.





„Kutan andjeun teh Marwajah, mun tatadi njarita ka kami, wab ajeuna mah kapalang, paingan atuh ku Djalumpang dititah ditepungan da geulisna saperti kieu, Marwajah daek henteu daek tangtu bakal beunang ku kami!” tjeuk manehna bari djeung kek kana leungeun njekel sagerewekna. Marwajah gantjang ngepeskeun sataker tanagana, nepikeun ka lesot.

„Sat puah!” sakalian diledot sukuna bubuhan manehna keur kabur ingetanana ku hawa napsu nepikeun ka beunang diledot ku awewe oge.

„Aaw!” gudjubar ka leuwi roroesan keketjebekan dina tjai. Marwajah gantjang luntjat deregdeg lumpat, tapi Maskara njusul, Satarikna lumpat hidji awewe tangtu bakal beunang kasusulna.

Barang Marwajah rek nguliwed kana tatangkalan, kerewek ditewak rambutna ti tukang.

„Aaw, setan kami lesatkeun binatang!” tjeuk Marwajah bari tetedjeh,

Tapi ngan kulawit ditongtak katukang disampa-  
keun lahunan tuur, Marwajah njangsaja dina tuurna.

Kep ditjekel kabajana dibebekeun nepika ngabulik-  
lakna katempo sakabeh kaajaan dadana, djeung pi-  
nareup nu paleungkeur dituruban beba.

„Aduh, tulung, tulung!” tinggal adug ladjer, se-  
deng tanaga geus sisip kawantu itu mah tanaga  
lalaki djeung tanaga nu napsu birahi deuih.

„Nadjis, nadjis!” dibarung ku Maskara ditjekel  
lebah pinareupna kalawan Maskara rek njium kana  
lambej tapi di-kalieu<sup>2</sup>keun nepi ka teu kabeunangan  
sakali oge lambejna mah,

„Marwajah, tong wangkelang ajeuna mah moal bisa peta nanaon deui, bongan andjeun geus nolak kana kahajang kami .....!” tjeuk Maskara bari djeung njingkabkeun sindjangna, barasat kulit bitis sareng pahana mani buburilakan, serrr beuki kebek napsu asmarana, hajang geura gep bae manehna ngeukeupan djeung nindihan salira Marwajah.

„Nadjiiiis, nadjiiiis..... tuluuuung!” Djedjeritanana mah teu bisa ditaban, kep dibekem ku Maskara, atuh beuki adug<sup>2</sup>an bae.

Gurindjal bek Marwajah nedjeh keuna pisan kana lebah kakawet nu ngadjogolan.

„Ooow!” Maskara ngagorowok bakat ku njerieun. Barang Marwajah rek lumpat kaburu ditarik deui sindjangna atuh golepak deui nangkarak.

„Aduuuuh tulungaaan!”

Gantjang ku Maskara ditangkeup dadana dibawa gogorentelan teu beda ti pujuh keur diadu sarta biwirna geus manjun<sup>2</sup> bae rek njantok lambeju nu kuntjup tur ambutjuj. Untung beunang dikalieuskeun, bari djedjeritan Marwajah menta tulung ka batur sanadjan geus kasawang moal aja djelema nu lalar liwat oge.

„Fong wangkelang, tong wangkelang!” bari Marwajah dikeukeupan sanadjan adug<sup>2</sup>an gorengtel blek pingpingna nindihan pingping Marwajah bari geus ngangsrod<sup>2</sup> tali tjalana kolorna.

„Nadjiiiis, nadjiiiis. babiiiiii!” Marwajah djedjeritan djeung tjatjekar, bawaning ku teu sudi rek dirogahala kahormatanana.



Dasar istri nu hajang njadjaga mustikana, kabeneran bae aja nu ngaliwat, nudju ka Tjiharendong malah lain nu sedjen tapi.... Amran pisan,

Ngadenge nu gegeurewekan djedjeritan sarta menta tulung teh Amran geus teg bae jen eta djelema nu keur dipaksa kahormatanana. sorana sidik sora hidji awewe, lantaran loba pangalaman, geus teu sak deui hatena jen tangtu awewe anu keur dipaksa ku rampog model nu ti heula<sup>2</sup> deui bae.

Amran gantjang lumpat njampeurkeun kalebah sora nu kokotjeakan. barang breh enja bae anu keur dipaksa, awewena adug ladjer djeung tjatjekar.

Ari breh teh sidik pisan Marwijah, atuh Amran buta mata, berebet bae lumpat, gep buuk Maskara ditongtak ti tukang bari sakalian dibalangkeun katukang.

„Kurang adjar.... huuuup!”

„Oooooowwww!” mani mental datangna teh, bru sirahna kana dapuran tangkal kai.

„Si Maskara si Maskara kurang adjar. Manahoreng andjeun teh duratmaka!” tjeuk Amran da sidik eta teh Maskara nu kungsi tarung djeung manehna sarta ngantjam pati bari indit.

„Engkaaaaang..... aduh tulungan kang!” Marwijah barang nempo jen Amran anu nulungan, atuh gabrug bae ngarontok bari tjeurik.

„Tjalik heula geulis, tuh si angkara murka tos hudang deui. Keun urang lajanan ku engkang nepi ka mana kapelitanana teh!” Amran ngusapan Marwijah, bakat ku sono djeung njaah.

Maskara geus njirintil bari djeung kuda<sup>2</sup> napsuna ngagidir bari pokna teh :

„Kurang adjar silaing si Amran geuningan ! Radjeunan ka dewek mikawani bari djeung ngabongohan. Hajoh lamun bener<sup>2</sup> lalaki urang tarung djeung dewek pada<sup>2</sup> ngadukeun kapelitan, semet manà kabisa silaing ku dewek rek ditaker !”

„Mundur geulis, ieu lain antepeun !” tjeuk Amran ka Marwijah malah bari mapanas, pipi Marwijah tjelepot ditjium sakali.

Atuh Maskara beuki ngagegedeg napsuna sarta panas hate luar biasa.

„Puah, kurang adjar hareupeun manusa wani njium bikang !” tjeuk Maskara bari ketjrot njiduh.

„Teu perduli ieu mah da suka djeung suka, manasina kawas silaing papaksa !” Amran bari nulak tjangkeng, tenang njanghareupan Maskara teh,

„Kurang adjar, garap jeuh dewek ku silaing mun bener<sup>2</sup> djago !” Maskara sirintil mere pasangan mani tegap naker kuda<sup>2</sup>na oge.

„Sat, up !” tjeuk Amran bari ditemelan pasangan musuh teh malah djiga nu teu ati<sup>2</sup> naker.

„Jaaaaah !” Maskara ngulawitkeun leungeunna bari sukuna ngageser ka tukang, maksudna rek ngarampas leungeun Amran, tapi ku Amran dipaling satengahing perdjalananana.

„Puuuuh ..... saaaaatt !”

„Aaaaaaw !” djungkel Maskara ngadjungkel beunang sukuna kaledot djeung dadana digeblagkeun. Blak manehna nangkarak benggang, sukuna sakilat njabet.





„Jaaaaah hup!” Amran disabet sukuna ku Maskara tihandap atuh ngadjengkang.

„Aaaaaw!” blak nangkarak tapi djungkir balik sakilat geus nagog deui,

Sirintil Maskara njirintil bari peureupna mani nju-rudut ka lareup.

„Jah ..... garap!”

„Sssst!” tjeuk Amtan bari depok kagigireunana, ngan sakiliwing suku Maskara diangkat ti gigir di-bawa ka luhur keleweng dibalangkeun.

„Aaaaaaaaaw!” mani ngalajang lir kalakaj murag ku angin bae, gobras kana kebon kaso,

Koneal hudang deui bari djeung leuwih napsu.

„Kurang adjar, nista, madja utama. Ajeuna si-laing bagian modar, pasti silang modar ku dewek!” tjeuk Maskara bari djeung ngagegag njampeurkeun leungeun nu katuhu njenjekl peso balati beunang ngalugas,

Amran teu ieuh geumpeur, barang Maskara njere-pet rek nusuk ku balati teh.

„Tjaaaaaaaaaaaaaat!”

Gilek Amran ngagilek tur peureupna sakilat kana kewong Maskara,

„Tuuuuuup ..... eup!”

„Aaaaaw ..... !” tolondjong Maskara totolon-djongan tapi muih mani sakilat njamber deui ka Am-ran. lamun kurang<sup>2</sup>na kesit mah Amran bahaja keuna ku tjongo balati.

Maskara surudut deui pasang kuda<sup>2</sup> pel ku Amran ditapelan, tapi kakara ge pel geus kulawit maneh-na ngulawit bari brek tapak deku, kiliwing suku Amran diangkat bari ditotogkeun.

„Oow!” Amran kakara katotogkeun mani njolo-  
jong brag ngagubrag tapi djungkir balik, sakilat  
geus nagog deui,

Maskara ngan sakilat deui, seak njamber ka Amran  
ampir teu katempo gerakanana

„Tjiaaaattt!” serepet pesona kana Jada.

„Looos. hup!” Amran ngagiwar bari teu bisa  
ngarampas leungeun musuh,

Maskara geus nagog deui gigireun, kapaksa Am-  
ran taki<sup>2</sup> leuwih linghasna, Marwijah oge mani tjo-  
lohok bari gegebegan sok sieun buah hatena nu  
keuna ku apes bobor karahajuan nempokeun kata-  
nginanan musuh nu sakitu rikatna mah,

„Jah!” Maskara ngagedjlig taneuh njieun birigidig  
tapi bari djeung molotot.

Amran ngageserkeun sukuna pindah kuda<sup>2</sup> tapi  
ku Maskara rikat dipaling satengahing perdjalanan

Sup Maskara asup sukuna djeung ngageblag dada  
Amran ku gerakan nu sampurna.

„Saaaattt!”

„Aap ow!” Amran ngadjengkang nangkarak beng-  
kang gulitik djungkir balik barang rek tiangkat  
deui dipapagkeun ku Maskara ku balatina dibaledog  
keun kana lebah tarang Amran pisan,

„Saaaattttttt.

„Aaaaawwww!”





---

Sadjabti ti mirah sewaanana teh, oge moal lengoh,  
margi sajagina pepeuk. upami nambutna buku<sup>2</sup> ka  
Taman Aosan<sup>2</sup> di handap ieu :

1. Taman Aosan "PIALA" Djl. Kebon Kol  
Sumedang.
2. " " "FISKA" Djl. Raja Kadipaten.
3. " " "E. KOSASIH" Tjiwidej.
4. " " "SENTJAKI" Soreang.
5. " " "MINANG" Kp. Emper  
Madjalaja.
6. " " "PUSAKA" Djl. PSM Bandung.
7. " " "ANGKREK" Djl. Raja  
pajuneun pasar Sumedang
8. " " "MUNGIL" Sumedang.
9. " " "MULIA" Kp. Pasar  
Tjittjalengka.
10. " " "TUNGGAL" Djl. Mantri  
Madjalaja:
11. " " "SALUJU" Djl. Raja Tjibabat.  
Tjimahi
12. " " "GEMBIRA" Djl. Nampong  
Tjiawi
13. " " "DARMA SETIA" Djl. Kantor  
Pos 33 Bandjar.
14. " " "BUDI ASIH" Singaparna.
15. " " "SRI DEWI" Padalarang.
16. " " "ABUJA" G. Abuja.

